Ki Yàlla gën a bañ ci nit ñi mooy noon bi gën a man a xulóo

Jële na ñu ci Aysatu -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: Ki Yàlla gën a bañ ci nit ñi mooy noon bi gën a man a xulóo.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne ki Yàlla gën a bañ ci nit ñi mooy ku man a xulóo te bari le ko, mooy ki dul nangoo topp dëgg, te di ko jéem a weddi ci dàggasante, walla muy xulóo ci dëgg waaye day ëppal ca xulóo ba, ba day jéggi dayo, di werente cig ñàkk a xam.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5474